

Respect



20
21

Founded in 1998, lululemon's purpose is to elevate the world by realizing the full potential within every one of us. This includes the workers who make our products. The Vendor Code of Ethics outlines our unwavering commitment to contributing to healthy communities by fostering respectful and inclusive workplaces.

This Code is based on international standards, such as the International Labour Organization's Declaration on Fundamental Principles and Rights at Work, the Universal Declaration of Human Rights, the United Nations Guiding Principles, the OECD Due Diligence Guidance for Responsible Supply Chain in the Garment and Footwear sectors and those of the Fair Labor Association, to which we are affiliated as a Participating Company. A commitment to these internationally recognized principles is the starting point.

These are our minimum standards that we expect all of our Vendors to comply with, and we will work with our Vendor partners to ensure they are upheld. Requirements in this Code apply to owned facilities as well as subcontractors, and upstream suppliers. Where differences or conflicts in standards arise between this Code and national or local regulations, the strictest standard applies.

This Code is complemented by compliance benchmarks. If we find that a Vendor is not in compliance with this Code and benchmarks, we will require immediate attention to corrective action. Compliance with the Vendor Code of Ethics is a condition to start and maintain a business relationship with lululemon.

Onèt Ki Gen Respè Ansekirite Ansante Ki Entegre Tout Moun Ouvè Transparan

Travayè ak Kominote ki Ansekirite epi Ansante

Sante ak sekirite

Founisè an dwe founi espas travay ak anviwonman kote moun rete ki san danje epi ansante pou anpeche aksidan ak chòk sou sante ki soti nan, ki lye ak, oswa ki rive, pandan dire travay lan oswa kòm konsekans fonksyonman enfrastrikti Founisè yo. Travayè yo dwe gen ase fòmasyon sou sante ak sekirite, aksè ak enfrastrikti sal lavaj ki pwòp epi dlo potab, ak enfrastrikti rezidansyèl ki pwòp epi an sekirite ki satisfè bezwen fondamantal yo.

Jesyon anviwonmantal

Founisè an dwe diminye enpak negatif espas travay yo an gen sou anviwonman an ak kominote ki ozalantou yo, epi yo dwe gen politik ak pwosesis anplas pou jere pwodwi chimik ki itilize yo ak dlo ize ki pwodui nan etablisman yo jan sa deklare nan Manyèl Anviwonmantal lululemon pou Founisè yo.

Kominikasyon Onèt

Fòk ou alèz, transparan epi kowopere

Founisè an ak lululemon dwe kowopere epi angaje yo sou yon baz regilye pou diminye aktivman enpak negatif yo apati operasyon yo epi rezoud dekouvèt ki gen dwa afekte lavi travayè yo, anviwonman an, oswa kominote ki ozalantou yo. Founisè yo pa dwe itilize soutretans oswa travay adomisil ki pa otorize, e Founisè yo dwe founi aksè bay reprezantan lululemon oswa tyès pati yo, nan lide pou kowopere totalman ak nenpòt odit oswa ankèt.

Tretman ekitab

Founisè an dwe evite tout fòm koripsyon, ansanm ak ekstòsyon, woulman oswa lòt abi pouvwa pou jwenn yon avantaj.

Mekanis doleyans ki efektif yo

Founisè an dwe mete sou pye pwosedi ki pèmèt anplwaye yo sòlve epi abòde doleyans nan espas travay lan nan konfidansyalite, yon fason anonim, ak/oswa dirèkteman san laperèz pou reprezay oswa vanjans. Pwosedi an ta dwe kominike bay tout anplwaye yo nan yon fason ki klè. Founisè yo dwe reyaji byen vit ak enkyetid anplwaye yo.

Travayè ki enfòme

Founisè an dwe afiche Kòd sa a nan lang anplwaye yo nan tout gwo espas travay ak dètwa yo, epi anplwaye yo dwe jwenn fòmasyon sou kontni yo.

Espas travay ki gen respè epi ki entegre tout moun

Yo pa dwe itilize timoun pou travay

Founisè an pa dwe anboche travayè ki gen laj pi ba pase, ki gen omwen 15 zan, laj pou fini edikasyon ki obligatwa, oswa satisfè laj legal lokal pou moun travay lan, nenpòt sa ki ta pi wo an. Nenpòt travayè ki gen mwens pase 18 tan ta dwe pwoteje kont travay lè sipleman, orè lannwit, travay danjere, epi travay yo dwe respekte limit egzijans legal yo ak pi bon pratik yo etabli.

Asèlman, abi ak aksyon disiplin

Founisè an dwe trete tout anplwaye ak respè epi diyite. Pa p gen plas oswa tolerans pou asèlman vèbal, sikolojik, fizik oswa seksyèl, abi, menas oswa entimidasyon nan espas travay lan.

Konpansasyon ak avantaj yo

Founisè an dwe rekonèt tout travayè gen dwa ak konpansasyon pou yon semèn travay regilye ki ase pou satisfè bezwen fondamantal travayè an epi founi yon revni opsyonèl. Travayè yo ta dwe touche omwen salè minimòm nan oswa salè apwopriye ki ajou, nenpòt nan sa yo ki ta pi wo, epi jwenn konpansasyon nan yon tarif sipleman pou tan sipleman. Founisè yo dwe konfòme yo ak tout egzijans jiridik yo sou salè yo, epi founi nenpòt avantaj ke lalwa egzije, kontra oswa pi bon pratik inivèsèl. Kote konpansasyon an pa satisfè bezwen fondamantal travayè yo epi founi yon revni opsyonèl, chak Founisè dwe travay ak lululemon pou pran aksyon ki apwopriye pou reyalize pwogresivman yon nivo konpansasyon ki fè l. Anplwaye fanm yo dwe gen pwoteksyon matènite — konje ak alokasyon ansanm ak pwoteksyon kont diskriminasyon — nan konfòmite ak egzijans lalwa ak reglemantasyon nasyonal yo.

Libète asosyasyon ak negosyasyon kolektif

Founisè an dwe rekonèt epi respekte dwa anplwaye yo pou rejwenn epi òganize asosyasyon pwòp chwa yo epi pou negosye kolektivman san okenn entèferans bò kote Founisè yo. Kote dwa pou libète ak negosiyasyon kolektif lan limite nan kad lalwa, Founisè yo dwe fasilite epi yo pa dwe jennen, devlopman mwayen paralèl pou asosyasyon endepandan ak negosiyasyon kolektif.

Relasyon travay

Founisè an dwe adopte epi konfome ak règleman ak kondisyon travay ki respekte travayè ak, nan yon minimòm, pwoteje dwa yo nan kad lwa ak reglemantasyon nasyonal ak entènasyonal yo sou travay ak sekirite sosyal.

Travay se libète w pou chwazi

Founisè an pa dwe itilize travay fòse nan anbochaj, anboche oswa travay, ki gen ladan l, men ki pa limite ak tan sipleman ki pa volontè, trafik moun, travay nan prizon, sèvis esklav oswa travay pou kosyon.

San diskriminasyon

Founisè an pa dwe diskrimine nan pratik rekritman ak anbochaj yo. Tout anplwaye yo dwe gen aksè egal ak travay, ansanm ak anbochaj, salè, avantaj, avansman, fòmasyon, alokasyon travay, oswa retrèt, epi yo pa ka sibi diskriminasyon nan disiplin oswa revokasyon, kèlkeswa ras, sèks, idantite seksyèl, relijyon, nasyonalite, sityasyon matrimonyal, orijin etnik, ras, oryantasyon seksyèl, andikap, maladi, gwosès, laj, lang, orijin sosyal, sityasyon imigrasyon, afilyasyon oswa senpati ak òganizasyon travayè ki gen ladan yo sendika, afilyasyon politik oswa kwayans, nenpòt lòt karakteristik pèsonèl, gwoup sosyal, sityasyon yo kòm moun ki pwoteje, oswa nenpòt lòt sityasyon.

Lè travay yo ak tan sipleman

Founisè an pa dwe egzije travayè yo travay plis pase 48 èdtan nan semèn travay regilye an. Tout travay tan sipleman yo dwe volontè, konpanse nan yon tarif sipleman epi yo pa dwe mande yo sou yon baz regilye. Founisè yo dwe founi omwen yon jou repo 24 èdtan ki suivi nan chak peryòd sèt jou, ansanm ak konje epi jou ferye lalwa egzije yo. Founisè yo dwe asire lè travay travayè yo, ansanm ak tan sipleman yo, pa depase 60 èdtan chak semèn oswa limit legal lokal lan, nenpòt nan sa yo ki mwens lan, eksepte nan kad sikonstans ekstrawòdinè. Tan poz yo dwe respekte lalwa ak reglemantasyon nasyonal yo.

Tanpri kontakte nou dirèkteman nan ka kote pa gen okenn konfòmite ak kòd sa a nan espas travay lan nan yon lang ou chwazi nan sustainablepartner@lululemon.com